

Idantite

**Legliz Menonit nan Lès Kanada se yon kominote divès
ke lanmou Bondye transfòme
ki enspire yo de lamou nou jwenn nan Jezi
ki gen yon apèl pou poze aksyon ak pisans Lespri Sen an.**

Nou kwè ke Bondye rele Legliz Menonit Lès Kanada pou vin yon legliz Menonit Anabatis; yon patnèchip ak alyans ant Legliz Menonit Kanada ak Konferans Mondyal Menonit. Sa se kontinyasyon yon tradisyon istorik ki mete aksan sou : Jezi se poto mitan lafwa nou; kominote se poto mitan lavi nou; e rekonsilyasyon se poto mitan travay nou. Kòm kominite plizyè kongregasyon, objektif nou se anbrase misyon Bondye nan monn lan, nan ankouraje tout moun reponn a kado lanmou Bondye a ki revele nan Jezi, jan sa ye nan Pawòl la.

Objektif

Nou reyini nou kòm yon legliz reijonal pou :

- **Dinamize kongregasyon yo** nan adorasyon, fòmasyon disip epi misyon
- **Ankouraje lidè** yo nan lespwa, vizyon ak transfòmasyon
- **Enkòpore ministè rekonsilyasyon Bondye** nan tout valè kreyasyon an

Valè

Byenveyans – Devan je Bondye tout moun egal e gen menm diyite, kreye dapre imaj Bondye.

Espirityalite – Adorasyon ak lapriyè anrasine nou nan lanmou Bondye epi konekte nou ak mouvman Lespri a.

Transfòmasyon – Nou toujou ap chache konnen pou wè kisa Bondye ap fè nan lavi nou ak nan monn lan. Nou louvri pou asepte chanzman.

Kominote – Nou grandi, aprann e nou sèvi pi byen nan bon jan relasyon ak lòt moun, ak nan koute Bondye ansanm.

Ospitalite – Nou akeyi tout moun sou tab lagras Bondye a.

Lapè ak jistis – N ap viv nan Lapè Bondye pou tout kreyasyon an.

Idantite nou, objektif ak valè nou fè yon sèl nan vizyon nou genyen sou teritwa nasyonal la kòm Legliz Menonit Kanada:

Bondye rele nou pou vin disip Jezikri epi, gras a pouvwa Lespri Sen an, pou grandi tankou kominote lagras, lajwa ak lapè yon fason pou gerizon ak lespwa Bondye jayi nan monn lan atravè nou.

Priyorite pou 2022-2027

- **Opere chanjman:** Favorize yon kilti aprantisaj, inovasyon ak adaptasyon pou ekipe legliz la pou opere nan yon sezon chanjman. Sa gen ladan eksplore nouvo fason pou swiv Jezi epi pou nou yon bon legliz ansanm.
- **Devlope Lidè:** Ranfòse lidèchip epi fòme lafwa, ekipe moun pou swiv vokasyon yo pou plante legliz, ministè pastoral ak lidèchip layik.
- **Fòmasyon Disip Ant Jenerasyon:** Kolabore ak kongregasyon epi ministè asosye pou sipòte fòmasyon disip ant diferan jenerasyon ak fòmasyon lafwa, epi angaje pi jèn yo ak jèn adilt yo nan opòtinite pou devlope lidèchip.
- **Anbrase Divèsite:** Envite epi estimile legliz la pou eksplore varyete ak richès pèp Bondye a. Sa pral mande yon transfòmasyon nan kè nou, lespri, politik ak estrikti nou pandan ke nou gen yon apèl pou nou yon legliz ki divès, ki fè enklizyon e ki melanje kilti.
- **Chache lapè ak lajistis:** Sipòte epi bay kongregasyon yo resous pou abòde kesyon sou lapè ak lajistis, ki gen fondman nan tewoloji Anabatis Menonit. Relasyon Endijèn-Kolon, aksyon pou klima, ranfòse konpetans ant kilti epi elimine rasis se kèk domèn priyorité pou peryòd sa.